



Medical Expense Information and Mileage Self-Declaration Form

SNAP ou a ka ogmante si ou pale nou de depans medikal yo

Ki moun ki ka reklame depans medikal?

Nenpòt moun ki gen 60 an oswa plis oswa ki sètifye kòm andikape dapre nòm gouvènman federal yo.

Kijan depans medikal yo ka ogmante benefis SNAP mwen yo?

Benefis SNAP yo kalkile dapre revni fwaye w la ak kèk nan depans aktyèl yo. Deklare epi verifye depans medikal ki depase \$35 pa mwa pèmèt ou jwenn yon dediksyon nan revni w ki ka takse. Benefis SNAP yo pa pral chanje si w deja resevwa montan maksimòm SNAP la.

Ki tip depans medikal ki konte?

Nou konte depans medikal ou responsab pou peye - tankou bòdwo lopital oswa dantè - menm si ou poko peye yo. Men, nou pa ka konte depans ke asirans ranbouse. W ap jwenn kèk egzanp anba a:

- **Prim Asirans:** Swen Sante Debaz, Medikaman, Dantè, Vizyon, Medicare
- **Ekipman Medikal tankou:** Aparèy pou ede moun tande/pil, Linèt kontak, Linèt, Materyèl pou dyabèt, Adezif, Chèz woulant, Machè, Pwotèz, Beki, Dantè, Ekipman komunikasyon
- **Famasi:** Medikaman sou preskripsyon, Medikaman san preskripsyon, Pwodui pou swen maleng, Kouchèt pou granmoun, Vitamin/remèd a baz plant
- **Kopeman:** Doktè, Lopital, Dantis, Fizyoterapi, Chiwopraktè, Sèvis sante mantal, Pwosedri medikal
- **Frè Transpò:** Mileyaj nan machin*, Taksi, Uber/Lyft, Transpò piblik/The Ride, Pakin, Peaj
- **Lòt Depans Medikal:** Swen lakay oswa Swen lajounen pou adilt, Abònman nan sal jimnastik, Akiponkti/medsin altènatif, frè pou bèt sèvis, Travay menaj

Èske m oblije soumèt prèv depans medikal yo?

Wi, ou dwe fè sa. Prèv yo ka enkli yon kopi bòdwo medikal, resi pou depans ki soti nan pòch ou, yon papye famasi enprime, resi The Ride, Uber, oswa Lyft.

Di nou nan ki frekans ou peye pou chak frè. Egzanp: Di nou si yon depans medikal se te yon sèl fwa (tankou yon pwosedi medikal) oswa si ou peye pou li chak semèn, chak mwa oswa chak ane (tankou vitamin oswa medikaman).

*Si ou kondi tèt ou pou ale nan randevou w yo ak/oswa nan famasi, ranpli pati anba fòm sa a pou deklare ou menm frè pou mileyaj ou yo.

Kijan mwen ka voye prèv pou depans medikal mwen yo bay DTA?

- **Online:** DTAConnect.com oswa Aplikasyon Mobil DTA Connect
- **Lapòs:** DTA Processing Center, P.O. Box 4406, Taunton, MA 02780
- **Faks:** 617-887-8765
- **An pèsonn:** Eskane nan yon biwo lokal DTA

E si M gen kesyon? Rele DTA nan 877-382-2363 oswa si ou gen 60 an oswa plis, rele Senior Assistance Office la nan 833-712-8027.

Oto-Deklarasyon Mileyaj

Non Manm Fwaye

Adrès Founisè Swen Medikal	Kantite Trajè pa Semèn	
	Depoze	Al Chèche

Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egal.

Nou pa dwe fè diskriminasyon akòz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (ki enkli idantite sèks ak oryantasyon seksyèl), andikap, laj, oswa reprezay oswa revanj pou aktivite dwa sivil anvan. Si w panse ke nou te fè diskriminasyon kont ou, kontakte 617-348-8555 pou konnen kijan ou ka pote yon plent.